


33Vakasvika panzvimbo inonzi Gorokota,
 (zvinoreva kuti Nzvimbo yeDehenya). 35Vakati
 vamuroverera pamuchinjikwa, vakagovana ngu
 dzake vachitita zvokukanda mjenya. 36Uye
 dakagara pasi, vakamurinda. 37Pamusoro pake
 vakaisa rugwaro rwemhosva yake rwati: "UYU
 NDJESU, MAMBO WAWAJUDHA." 38Makororo
 maviri akarovererawo pamwe chete naye,
 mumwe kurudyi mumwe kuruboshwe. 39Vaya
 vaipfura napo, vakamutika vachidzungudza
 misoro yavo 40Uye vachiti, "Iwe uri kuzoputsa
 temberu uchizoi vakazve mumazuva matau,
 chizviponesai Buruka pamuchinjikwa kana uri
 Mwanakomana waMwari!"
 41Nenzira imwe cheteyo, vaprista vakuru,
 navadzidzisi vomurairo navakuru vakamuseka
 vachiti, 42"Akaponesa vamwe, asi haagoni
 kuvziponesai! Ndiye Mambo welsraeri!
 Ngaaburuke zvino pamuchinjikwa tigotenda
 kwaari. 43Anovimba naMwari ngaachimunura
 iye zvino kana achimuda, nokuti akati, 'Ndiri
 Mwanakomana waMwari.'"

MATEO 27:33, 35-46; 50-54

Kufa kwaJesu

Kufa kwaJesu




"Zvechokwadi, anga ari Mwanakomana
 waMwari!" MATEO 27:54

44Nenzira imwe cheteyo makororo akanga
 arovererwa pamwe chete naye akamutukawo.
 45Kubva panguva yechitanhatu kusvika
 panguva yepfumbamwe rima rakavapo panyika
 yose.
 46Nanguva inenge yepfumbamwe, Jesu
 akadandzira nenzwi guru achiti, "Eroi, Eroi,
 rama sabhakitani?" zvichireva kuti, "Mwari
 wangu! Mwari wangu, mandisiyireiko?"
 50Uye Jesu akati adandzira nenzwi guru,
 akabudisa mweya wake. 51Panguva iyoyo
 chidzitiro chomutemberi chakabvaruka
 napakati kubva kumusoro kusvika pasi. Nyika
 yakadengenyeka, uye mabwe akatsemukwa.
 52Makuva akazaruka, mitumbi yavatsvene
 vazhinji vakanga vakafa ikamutswa kupenyu.
 53Vakabuda mumakuva, uye shure kwokumuka
 kwaJesu vakapinda muguta dzvene uye
 vakaonekwa navanhu vazhinji.
 54Mukuru wezana navaya vaakanga anavo
 vakarinda Jesu, pavaakaona kudengenyeka
 kwenyika nezvose zvakananga zvaitika, vakatya
 kwazo, uye vakati, "Zvechokwadi, anga ari
 Mwanakomana waMwari!"

40-65 The Death of Jesus

www.GodsPeopleCare.org
 Bible Verses are Shona



“Zvechokwadi, anga ari Mwanakomana waMwari!”

MATEO 27:54